# TILEWBERGEN JUMAMURATOVTÍŃ EPIKALÍQ POEZIYASÍNDA SIMVOLIKALÍQ OBRAZ

**Ómirbaev Janibek Quwatbay ulı**

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeligi 2-basqısh magistrantı**

https://doi.org/10.5281/zenodo.20760262

**Annotaciya.** Bul maqalada T. Jumamuratovtıń «Kiyiktiń eki ılaǵı», «Tırna menen jılan» shıǵarmalarındaǵı simvolikalıq obrazlardıń kórkemlik talqılawı tallanadı. Shıǵarmalarda ana kiyik, qasqır, tırna, jılan, jaylaw, kól, ańshı sıyaqlı obrazlardıń simvolikalıq mánisleri ashıp beriledi. Izertlew procesinde bul arqalı avtordıń mehir-muhabbat, pidayılıq, jaqsılıq, hám jamanlıq gúresi, isenim hám qiyanet, adamgershilik hám tábiyattıń únlesligi sıyaqlı áhmiyetli ideyaları sáwlelendirilgeni anıqlanadı.

**Tayanısh sózler**: kórkem obraz, kórkem talqılaw, simvolikalıq obraz, tımsallar, tábiyat hám insan ortasındaǵı baylanıs.

**Аннотатция:** В данной статье анализируется художественная интерпретация символических образов в произведениях Т. Джумамуратова "Два оленёнка" и "Журавль и змея." В произведениях раскрываются символические значения таких персонажей, как мать-олень, волк, журавль, змея, пастбище, озеро и охотник. В ходе исследования выясняется, что через это автор отразил такие важные идеи, как любовь и привязанность, самоотверженность, борьба добра и зла, вера и предательство, гармония человечности и природы.

**Ключевые слова:** художественный образ, художественный анализ, символический образ, притчи, связь между природой и человеком.

**Annotation.** This article analyzes the artistic interpretation of symbolic images in T. Jumamuratov's works "The Deer's Two Kids" and "The Cranes and the Snake." In the works, the symbolic meanings of such images as a mother deer, a wolf, a crane, a snake, a pasture, a lake, a hunter are revealed. In the research process, it is revealed that through this, the author's important ideas such as love and affection, dedication, the struggle between good and evil, faith and betrayal, and the harmony of humanity and nature are reflected.

**Keywords:** artistic image, artistic analysis, symbolic image, allegories, connection between nature and man.

Simvolikalıq obrazlar arqalı ápiwayı waqıya artında úlken turmıslıq haqıyqatlıqlar, ádep-ikramlılıq juwmaqlar hám filosofiyalıq mazmun jasırınadı. T. Jumamuratov dóretiwshiliginde de bunday simvolikalıq obrazlar ayrıqsha orın ieleydi. Atap aytqanda, "Kiyiktiń eki balası" hám "Tırna menen jılan" shıǵarmalarında tábiyat obrazları arqalı insanıylıq pazıyletler, ómir gúresi, jaqsılıq hám jamanlıq arasındaǵı qarama-qarsılıq sáwlelendiriledi. Bul eki shıǵarmada haywanlar hám tábiyat elementleri ápiwayı súwretlew emes, al tereń mánige ie bolǵan simvolikalıq tımsallar sıpatında sáwlelenedi. Ana kiyik obrazı mehir hám pidayılıqtı, qasqır bolsa miyrimsizlik hám turmıs sınaqların sáwlelendiredi. Tap sol sıyaqlı tırna páklik hám isenim tımsalı bolsa, jılan jawızlıq hám qıyanet tımsalı sıpatında kórinedi. Avtor usı obrazlar arqalı oqıwshını jaqsılıq hám jamanlıq haqqında pikir júrgiziwge shaqıradı. Biraq ómir barqulla bir tegis dawam etpeydi. Qasqır obrazı arqalı avtor turmıstaǵı sınaqlardı hám qáwip-qáterlerdi kórsetedi. Qasqır kiyiklerdi kórip qalıp,

olarǵa hújim etedi. Bul jerde qasqır ápiwayı jırtqısh emes, al táǵdirdiń awır sınaǵı, miyrimsizlik hám jawızlıq tımsalı. Ana kiyik óz balaların qorǵaw ushın qasqır menen gúresedi. Ol kúshli soqqı berip qasqırdıń kózin jaraqatlaydı hám balaların qutqarıp qaladı. Biraq ózi awır jaralanadı hám keyin ala qaytıs boladı.

Ana kiyik obrazı shıǵarmanıń eń kúshli simvolikalıq tımsallarınan biri. Ol analıq mehir, sabır hám pidayılıqtıń joqarı úlgisi sıpatında sáwlelenedi. Ol óz ómirin perzentleri ushın qurban etedi. Bul jaǵday insan ómirindegi eń ullı sezim - ana mehriniń sheksizligin kórsetedi. Avtor usı arqalı tábiyattaǵı ana hám insandaǵı ana arasındaǵı uqsaslıqtı ashıp beredi. Qasqırdıń kózi jaraqatlanıwı da simvolikalıq mániske iye. Bul jawızlıqtıń tolıq jeńip shıǵa almaytuǵının, jaqsılıq bárqulla óz sózin ayta alatuǵının bildiredi. "Tırna menen jılan" shıǵarmasında bolsa waqıyalar jaqsılıq hám jamanlıq arasındaǵı gúres tiykarında qurılǵan. Shıǵarmadaǵı tırna obrazı páklik, iseniwsheńlik hám jaqsılıq tımsalı. Ol jılan menen doslasıwǵa dáslebinde razı bolmaydı, sebebi jılandıń tábiyatın jaqsı biledi. Bul tırnanıń sergekligin hám abaylılıǵın kórsetedi. Biraq jılan óziniń jaman ádetlerin taslawǵa wáde beredi, tırnadan keshirim soraydı hám doslıqtı usınadı. Jılan obrazı bolsa hiyle, qıyanet hám jawızlıq tımsalı. Ol sırtqı kóriniste jaqsı bolıwǵa háreket etedi, biraq ishki mánisin ózgertpeydi.

Juwmaqlap aytqanda, T. Jumamuratovtıń "Kiyiktiń eki balası" hám "Turna menen jılan" shıǵarmalarında simvolikalıq obrazlar avtor ideyasın ashıp beriwde áhmietli kórkem qural sıpatında xızmet etken. Shıǵarmalardaǵı ana kiyik, tırna, jılan hám qasqır obrazları arqalı mehir-muhabbat, pidayılıq, jaqsılıq, qıyanet hám jawızlıq sıyaqlı turmıslıq túsinikler tereń ańlatılǵan. Avtor tábiyat hám haywanat dúnyası arqalı insanıy pazıyletlerdi sáwlelendiriwge erisken. Tallaw nátiyjeleri sonı kórsetedi, ana kiyik obrazı analıq mehir hám qurbanlıq tımsalı sıpatında, tırna obrazı bolsa páklik hám ádillik tımsalı sıpatında sáwlelengen. Qasqır hám jılan obrazları arqalı bolsa qáwip, hiyle hám jawızlıqtıń unamsız aqıbetleri kórsetip berilgen. Hár eki shıǵarmada da jaqsılıq hám jamanlıq arasındaǵı gúres tiykarǵı ideyalıq baǵdardı quraydı. Sonday-aq, bul shıǵarmalar jas áwladtı miyrim-shápáátli, sergek, ádil hám adamgershilikli bolıwǵa shaqıradı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Allambergenov K, Orazımbetov Q, Paxratdinov Á, Bekbergenova M. XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı. – Tashkent: Sano-standart, 2018.
2. Boboev T. Ádebiyattanıw tiykarları. – Tashkent: Ózbekistan, 2022.
3. Jarimbetov Q, Genjemuratov B. Ádebiyat teoriyası – Tashkent: Sano-standart, 2018.
4. Saǵitov I. Qaraqalpaq xalqınıń qaharmanlıq eposı – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1986.
5. Jumamuratov T. Shıǵarmalar jıynaǵınıń 3 tomlıǵı, 1-tom. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 1978. 32-122-123-betler.